



Re-ouvèti New York



Rekòmandasyon pou Patwon ak Anplwaye Lokasyon an Detay, Reparasyon ak Netwayaj

Rekòmandasyon sa yo valab pou aktivite lokasyon an detay, reparasyon ak netwayaj, sa gen ladan nan rejjon nan New York ki resevwa otorizasyon **re-ouvè**, epitou lòt zòn toupatou nan eta a kote biznis vant an detay esansyèl yo te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl kòm eleman nan biznis oswa sèvis yo a. Gade Rekòmandasyon Pwovizwa yo pou COVID-19 pou Aktivite Lokasyon an Detay, Reparasyon, ak Netwayaj pou tout detay yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzjans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Dwe gen yon distans 6 pye ant moun yo, sòf si sekirite aktivite prensipal la egzije yon distans pi kout. ✓ Redui kontak ant moun yo ak rasanbleman gras a metòd tankou limite prezans an pèsonn nan a pèsònèl ki nesesè pou travay k ap fèt kounye a sèlman, ak/oswa ajiste orè vant yo pou distribye sikilasyon anplwaye ak kliyan yo sou yon peryòd tan pi long. ✓ Prezans mendèv la ak kliyan yo pa dwe depase 50% kantite moun maksimòm yon zòn kapab pran dapre sètifika okipasyon an, sa gen ladan kliyan yo, ki dwe kenbe espas 6 pye de lòt yo epi, nan tout ka yo, kouvri figi yo yon jan ki akseptab. ✓ Ti espas yo (paregzanp asansè, ti depo, dèyè kès) dwe gen yon sèl moun ladan yo sèlman alafwa, sòf si tout moun yo kouvri figi yo. Si gen plis pase yon sèl moun, dwe gen mwens pase 50% kapasite maksimòm nan. ✓ Limite rasanbleman an pèsonn ki pa esansyèl (paregzanp reyinyon) leplis posib. ✓ Etabli zòn ki deziyen pou pase pran ak livrezon, avèk lemwens kontak posib. ✓ Anvizaje fèmen sal datant yo, epi mete panno epi make atè a pou montre distans 6 pye andeyò magazen an kote kliyan yo gen dwa tann. ✓ Sal eseyaj yo dwe ekipe avèk kont founiti netwayaj/ ijyèn pou anplwaye ak kliyan yo itilize, sa gen ladan dezenfektan pou men. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Chanje itilizasyon espas travay yo ak zòn pou anplwaye yo chita ak/oswa mete restriksyon sou kantite yo pou kenbe distans 6 pye a. ✓ Chanje aranjman magazen an epi redui sikilasyon apye nan de sans avèk panno ki gen flèch nan reyon, koulwa, oswa espas ki jis yo. ✓ Bay antre ak sòti separe ki make klè. ✓ Ankouraje pou kliyan yo vini pou sèvis (paregzanp reparasyon òdinatè, dray) sou randevou sèlman. ✓ Espase arive kliyan yo gras a entèval tan pou pase pran, epi evite bay men nan men dirèkteman. ✓ Pou fasilite pase pran sou twotwa, rezève plas pakin toupre pòt devan an, epi evite remèt men nan men lè sa posib gras a yon sistèm livrezon san manyen kote kliyan yo rete nan machin nan. ✓ Deziyen epi ranje zòn datant pou kliyan yo (paregzanp liy, zòn pakin) pou maksimize distans sosyal la. ✓ Ankouraje kliyan yo sèvi avèk opsyon peman san manyen oswa peman alavans. ✓ Ajiste lè vant an detay yo jan sa nesesè pou pèmèt pwosesis netwayaj ak itilizasyon dezenfektan an amelyore. ✓ Pou sèvis lakay, bay entèval tan pou sèvis la epi ankouraje kliyan yo kouvri figi yo epi respekte distans sosyal la. ✓ Ofri opsyon pou kliyan yo achte a distans (paregzanp achte sou entènèt epi vin chèche, livrezon). ✓ Netwaye ak dezenfekte sal eseyaj yo apre chak kliyan. ✓ Sèvi avèk konferans pa telefòn oswa pa videyo depi sa posib. Si yon reyinyon nesesè, li dwe fèt nan espas ouvè, byen ayere avèk bonjan distans sosyal ant patisipan yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Rekòmandasyon pou Patwon ak Anplwaye Lokasyon an Detay, Reparasyon ak Netwayaj

Rekòmandasyon sa yo valab pou aktivite lokasyon an detay, reparasyon ak netwayaj, sa gen ladan nan rejyon nan New York ki resevwa otorizasyon **re-ouvè**, epitou lòt zòn toupatou nan eta a kote biznis vant an detay esansyèl yo te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl kòm eleman nan biznis oswa sèvis yo a. Gade Rekòmandasyon Pwovizwa yo pou COVID-19 pou Aktivite Lokasyon an Detay, Reparasyon, ak Netwayaj pou tout detay yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Distans Fizik		<ul style="list-style-type: none"> ✓ Make distans sosyal la avèk tep oswa panno ki montre 6 pye espas nan zòn ki sèvi souvan yo ak lòt zòn kote sa nesese (paregzanp pòs pou anrejistre depa/arive, pòs evalyasyon medikal, kès, liy, reyon machandiz).
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Yon kliyan k ap antre nan magazen an dwe gen figi li kouvri kòmsadwa, depi kliyan an gen plis pase laj dezan epi li kapab sou plan medikal tolere pou figi li kouvri konsa. ✓ Patwon yo dwe bay anplwaye yo kachnen akseptab gratis pou anplwaye a epi yo dwe gen kont rezèv kachnen pou sizoka yo ta bezwen ranplase. ✓ Pami bagay ki akseptab yo pou kouvri figi genyen, pami lòt, twal (paregzanp bandana ki koupe ak koud lakay) ak mask chirijikal, sof si nati travay la egzije ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) pi estrik (paregzanp respiratè N95, ekran pou figi). ✓ Yo dwe netwaye oswa ranplase kachnen yo lè yo fin sèvi epi plis pase yon sèl moun pa ka sèvi avèk yo. ✓ Patwon yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo mete, wete, netwaye ak jete PPE yo, sa gen ladan kachnen yo. ✓ Anplwaye yo dwe kouvri figi yo lè yo a yon distans ki mwens pase 6 pye de kliyan oswa kòlèg yo epi depi y an kontak avèk kliyan yo (paregzanp ap pase yon acha, reparasyon aparèy lakay). ✓ Limite kantite moun ki sèvi ak bagay (paregzanp kès) epi dekouraje pou moun manyen menm sifas yo; oswa, lè gen kontak avèk bagay plizyè moun itilize oswa zòn moun manyen souvan, mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal); oswa , dezenfekte oswa lave men anvan ak apre kontak . ✓ Pou biznis kote deplasman ak kontak dirèk avèk kliyan yo fèt souvan (paregzanp reparasyon aparèy lakay, sèvis netwayaj lakay), anplwaye yo dwe kouvri figi yo lè yo a yon distans ki mwens pase 6 pye de kliyan an. ✓ Si deplasman an machin nesese epi gen plis pase yon anplwaye nan machin nan, tout anplwaye yo dwe kouvri figi yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou sèvis netwayaj (paregzanp netwayaj kay), anplwaye yo dwe mete gan dispozab. ✓ Ankouraje kliyan yo kouvri figi yo epi respekte rekòmandasyon yo pou distans sosyal pandan sèvis lakay la. ✓ Ankouraje anplwaye yo ak kliyan yo pou yo toujou kouvri figi yo lè yo nan yon espas fèmen. ✓ Minimize nesosite pou anplwaye yo deplase nan machin ansanm.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Rekòmandasyon pou Patwon ak Anplwaye Lokasyon an Detay, Reparasyon ak Netwayaj

Rekòmandasyon sa yo valab pou aktivite lokasyon an detay, reparasyon ak netwayaj, sa gen ladan nan rejyon nan New York ki resevwa otorizasyon [re-ouvè](#), epitou lòt zòn toupatou nan eta a kote biznis vant an detay esansyèl yo te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl kòm eleman nan biznis oswa sèvis yo a. Gade Rekòmandasyon Pwovizwa yo pou COVID-19 pou Aktivite Lokasyon an Detay, Reparasyon, ak Netwayaj pou tout detay yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Itilizasyon Dezenfektan	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans sou ijyèn , netwayaj , ak itilizasyon dezenfektan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante a (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis sou plas ki dokimante dat , lè , ak etandi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan an. ✓ Bay ak kenbe pòs ijyèn men, sa gen ladan pou lave men avèk savon, dlo, ak sèvyèt papye, epitou dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan pou zòn kote lave men pa posib. ✓ Egzije pou anplwaye yo pratike ijyèn men nan lave men yo pandan 20 segonn avèk savon ak dlo lè yo fin manyen lesiv oswa nan netwaye ak dezenfekte ekipman ki lwe oswa ranje oswa kay kliyan endividyèl yo. ✓ Bay founiti pou netwaye/dezenfekte epi ankouraje anplwaye yo pou yo sèvi avèk founiti sa yo anvan ak apre itilizasyon sifas plizyè moun manyen ak sa moun manyen souvan , epi pou yo pratike ijyèn men apre sa. ✓ Mete dezenfektan pou men toupatou nan magazen an pou anplwaye yo ak kliyan yo itilize. ✓ Ekipman ak pwodui yo dwe dezenfekte anvan kliyan an vin chèche atik yo epi lè kliyan an fin depoze atik yo. ✓ Dezenfekte men w anvan ak lè w fin transfere atik epi anvan ak apre vizit kliyan. ✓ Netwaye ak dezenfekte regilyèman omwen apre chak woulman travay, chak jou, oswa pi souvan si sa nesèsè, epi netwaye ak dezenfekte pi souvan bagay ak sifas plizyè moun manyen (paregzanp kès), epitou zòn ki gen anpil sikilasyon, tankou aparèy peman, zòn pou pase pran, twalèt, veyikil, espas komen, avèk pwodui Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) ke Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Agency, EPA) idantifye kòm kwaya yo bay rezilta kont COVID 19. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Depi sa posib, ogmante sikilasyon lè ki sot deyò (paregzanp ouvè fenèt ak pòt) men kenbe prekosyon sekirite yo. ✓ Ankouraje anplwaye yo pote manje sòti lakay yo epi rezève kont espas pou anplwaye yo respekte distans sosyal pandan y ap manje. ✓ Pou biznis k ap ofri sèvis lesiv (paregzanp blanchisri, dray), suiv rekòmandasyon CDC yo: <ul style="list-style-type: none"> • Atik yo dwe lave nan tanperati apwopriye ki pi cho a epi seche nèt; • Pa mele lesiv kliyan yo; • Pa souke lesiv sal la; • Netwaye ak dezenfekte ekipman yo (paregzanp panye rad sal, sak) apre chak itilizasyon.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Rekòmandasyon pou Patwon ak Anplwaye Lokasyon an Detay, Reparasyon ak Netwayaj

Rekòmandasyon sa yo valab pou aktivite lokasyon an detay, reparasyon ak netwayaj, sa gen ladan nan rejyon nan New York ki resevwa otorizasyon **re-ouvè**, epitou lòt zòn toupatou nan eta a kote biznis vant an detay esansyèl yo te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl kòm eleman nan biznis oswa sèvis yo a. Gade Rekòmandasyon Pwovizwa yo pou COVID-19 pou Aktivite Lokasyon an Detay, Reparasyon, ak Netwayaj pou tout detay yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Itilizasyon Dezenfektan (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Si pwodui netwayaj oswa dezenfektan yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa aparèy yo, pèsònèl la dwe kapab jwenn yon pòs ijyèn men apre chak itilizasyon ak/oswa yo dwe ba li gan dispozab. ✓ Entèdi pou moun separe manje ak bwason (paregzanp bifè). ✓ Si w ofri ekipman oswa atik pou lwe oswa si w ofri sèvis reparasyon (paregzanp lokasyon ekipman espòtif), netwaye ak dezenfekte ekipman oswa atik yo anvan yon kliyan vin chèche yo epi lè yon kliyan fin depoze oswa remèt ekipman oswa atik yo. ✓ Si w ofri sèvis netwayaj (paregzanp netwayaj lakay), dezenfekte tout ekipman yo (paregzanp aspiratè, bokit) apre chak itilizasyon ak chak kote. 	
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ou li ak konprann rekòmandasyon pou endistri an eta a pibliye yo, epi ou pral aplike yo. ✓ Mete panno andedan an andeyò magazen an pou fè pèsònèl la ak kliyan yo sonje pou yo respekte bonjan ijyèn, règ distans sosyal yo, bonjan itilizasyon PPE, ak pwotokòl pou netwaye ak dezenfekte yo. ✓ Fòme tout pèsònèl la sou nouvo pwotokòl yo e kominike konsèy sekirite yo souvan. ✓ Si yon travayè, yon vizitè, oswa yon kliyan te gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan magazen an epi li gen tèst COVID-19 pozitif, patwon an dwe fè depatman sante eta ak lokal yo konn sa touswit epi kolabore avèk efò pou retrase kontak yo, sa gen ladan mete okouran kontak posib yo, tankou travayè, vizitè, ak/ oswa vizitè (si yo konnen yo) ki te gen kontak sere oswa rapwoche avèk moun nan, epi an menm tan kenbe konfidansyalite lwa ak règleman eta ak federal yo egzije a. ✓ Afiche plan sekirite konplè yon kote ki fasil pou wè nan lokal la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak mwayen pou bay dènye enfòmasyon yo. ✓ Sèvi ak medya sosyal, kominikasyon pale, ak panno pou bay kliyan yo enstriksyon epi pou ankouraje yo kouvri figi yo lè yo pa kapab kenbe distans 6 pye a, konfòmman ak rekòmandasyon CDC ak DOH yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvèti New York



Rekòmandasyon pou Patwon ak Anplwaye Lokasyon an Detay, Reparasyon ak Netwayaj

Rekòmandasyon sa yo valab pou aktivite lokasyon an detay, reparasyon ak netwayaj, sa gen ladan nan reyon nan New York ki resevwa otorizasyon [re-ouvè](#), epitou lòt zòn toupatou nan eta a kote biznis vant an detay esansyèl yo te gen otorizasyon anvan sa pou yo fonksyone kòm esansyèl kòm eleman nan biznis oswa sèvis yo a. Gade Rekòmandasyon Pwovizwa yo pou COVID-19 pou Aktivite Lokasyon an Detay, Reparasyon, ak Netwayaj pou tout detay yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj yo dwe rete okouran tout chanjman nan egzijans eta ak federal yo ki gen pou wè avèk aktivite lokasyon an detay, reparasyon, ak netwayaj epi fè chanjman sa yo antre nan fonksyonman yo. Rekòmandasyon sa yo pa fèt pou ranplase ankenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta, ak federal aplikab ki te la deja.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete lakay yo oswa retounen lakay si yo tonbe malad nan travay la. ✓ Fè evalyasyon sante obligatwa (paregzanp kesyonè, kontwòl tanperati) pou anplwaye yo k ap poze kesyon sou (1) sentòm COVID 19 pandan 14 dènye jou yo, (2) tès COVID 19 pozitif nan 14 dènye jou yo , ak/oswa (3) kontak sere oswa rapwoche avèk yon ka COVID 19 yo konfime oswa sispèk pandan 14 dènye jou yo. ✓ Yo pa dwe kite yon anplwaye ki gen depistaj sentòm COVID-19 pozitif antre nan lokal la epi yo dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou l kontakte pwofesyonèl medikal li pou evalyasyon ak tès. ✓ Mete depatman sante eta ak lokal yo okouran ka pozitif konfime touswit epi bay moun nan enfòmasyon sou resous medikal ak tès. ✓ Dwe gen yon plan pou netwaye, dezenfekte, ak retrace kontak si gen yon ka pozitif. ✓ Egzaminen tout repons depistaj yo chak jou epi kenbe yon dosye sou egzamen sa a. ✓ Idantifye yon kontak kòm pati pou moun yo mete okouran si pi ta yo gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Yo pa ka mande kliyan yo pou yo fè depistaj sante ni pou yo bay enfòmasyon kontak men yo ka ankouraje yo fè sa. ✓ Ankouraje kliyan yo bay enfòmasyon pou kontakte yo pou yo kapab enskri yo epi kontakte yo pou retrace kontak, si sa nesèsè. ✓ Fè depistaj a distans (paregzanp nan telefòn oswa pa kesyonè elektwonik), anvan moun yo rive, nan mezi sa posib. ✓ Kowòdone depistaj la pou anpeche moun mele youn ak lòt an kontak sere oswa rapwoche anvan yo fè depistaj la. ✓ Kenbe yon rejis tout anplwaye, sa gen ladan travayè ak vizitè, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan lye oswa zòn travay la; kliyan pa ladan; epi livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak pa ladan. ✓ Gade rekòmandasyon CDC yo sou "Sentòm Kowonaviris" (Symptoms of Coronavirus) pou dènye enfòmasyon yo sou sentòm ki asosye avèk COVID-19. ✓ Se moun ki abitye ak pwotokòl CDC, DOH ak OSHA yo ki dwe fòme moun k ap fè depistaj yo epi yo dwe mete PPE ki apwopriye, ki gen ladan omwen, yon kachnen. ✓ Gade rekòmandasyon DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID 19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID 19.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.